# yaw xale bi, tuddal Yàlla, te lekke sa loxo ndeyjoor, te lekk li ne ci sa kanam

Jële na ñu ci Umar Ibn Abii Salamata -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: Bama nekkee xale ci kër Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-, nuy lekk sama loxo doon wëreelu ci ndab li, Yónente bi ne ma: « yaw xale bi, tuddal Yàlla, te lekke sa loxo ndeyjoor, te lekk li ne ci sa kanam» booba ba leegi noonu laay lekke.
[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Umar Ibn Abii Salamata -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-, di doomi soxnas Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- Ummu Salamata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- -moom nag kër yónente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc la yaro- da ñuy xibaar ne: dadoon lekk ben bis loxoom di wër fune ci ndab li di fa tibb, Yónente bi daaldi koy xamal ñatti teggini lekk: Bi ci njëkk mooy: wax: "bismil Laahi" booy tàmbalee lekk ga. Ñaareel bi: lekke loxob ndeyjoor. Ñatteel ba: lekk ci sa kanam.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/58120